**O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI` XALI`Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A`JINIYaZ ATINDAG`I` NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALI`Q INSTITUTI`**

**QARAQALPAQ TIL BILIMI KAFEDRASI`**

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyati` fakul`tetinin` 3 [b] kurs

talabasi` Madiyarova Gu'lbani'wdi`n`

«Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tili. Sintaksis» pa`ninen

# K U R S   J U M I` S I`

Tema: QARAQALPAQ TILINDEGI SINTETIKALIQ BAG`ININ`QILI QOSPA GA`PLER

Ilimiy basshi`: doc.Seydullaeva D.

**NO`KIS - 2015**

Jobasi:

Kirisiw.  Qospa ga`p haqqında tu`sinik

1. Sintetikalıq bag`ının`qılı qospa ga`pler

a) Bayanlawıshı hal feyil formaları arqalı du`zilgen sintetikalıq bag`ının`qı ga`pler

b) Bayanlawıshı kelbetlik formaları arqalı du`zilgen sintetikalıq bag`ının`qı ga`p

v) Bayanlawıshı tirkewishlerdin` dizbeklesiwi arqalı du`zilgen sintetikalıq bag`ının`qı ga`p

g) Bayanlawıshı ha`reket atı feyil formaları arqalı du`zilgen sintetikalıq bag`ının`qı ga`p

d) Bayanlawıshı sha`rt meyil forması arqalı du`zilgen
sintetikalıq bag`ının`qı ga`p

e) Bayanlawıshı buyrıq, tilek ha`m anıqlıq meyil formalarınan du`zilgen sintetikalıq bag`ının`qı ga`p

Juwmaq

Paydalanilg`an  a`debiyatlar  dizimi

# KIRISIW. QOSPA GA`P HAQQINDA TU`SINIK

Qospa ga`p eki yamasa bir neshe jay ga`plerdin` sintaksislik baylanısınan du`ziletug`ın bir pu`tin sintaksislik birlik. Qospa ga`ptin` quramına kirgen jay ga`pler tolıq predikativlik orayg`a iye boladı, biraq olar o`z aldına qollanılg`an jay ga`pler menen ten`be-ten` dep qaralmaydı. O`z aldına qollanılg`an jay ga`pler bir yamasa neshe so`zden quralsa da, olardan bir pikir tıyanaqlılıg`ı (mazmun) an`latıladı. Qospa ga`ptin` pikir tıyanaqlılıg`ı olar neshe jay ga`pten quralsa, sol komplekstin` bir pu`tinligi arqalı bildiriledi.

Qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` o`z aldına qollanılg`an jay ga`plerden ja`ne bir o`zine ta`n o`zgesheligi, olar qospa ga`pti du`ziw ushın grammatikalıq qurallar-bayanlawısh formaları, da`nekerler ha`m da`nekerlik xızmettegi so`zler, intonatsiya, orın ta`rtipi baylanısıp, bir pu`tin kommunikativlik xızmet atqaradı. Olardın` quramındag`ı jay ga`plerdi sol pu`tinlikten u`zip alg`an jag`dayda o`z aldına qollanılg`an  jay ga`plerdey bolıp ko`ringen menen, qanday da bir ma`nilik baylanıstın` u`zilgenligi bayqaladı. Mısalı: 1. Azanda tuw uzaqtan o`rkeshi-o`rkeshi tawlar ko`rinedi. 2. Ol joldaslarına bir na`rselerdi aytıp baqıradı, joldasları og`an qaramaydı (O`.Xljaniyazov). 3. Gu`zgi batpaq gedir-budır bolıp qatıp qalıptı, sonlıqtan ju`riw ju`da` qıyın (T.Qayıpbergenov). Bul ga`plerdin` birinshisi o`z aldına qollanılg`an jay ga`p. Bulardag`ı ayırmashılıq, o`z aldına qollanılg`an jay ga`p belgili bir pikir tıyanaqlılıg`ına iye bolıp, kommunikativlik xızmeti jag`ınan tek bir waqıyanı xabarlaydı. Al qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`pler mazmunı jag`ınan bir-birine baylanıslı bolg`an eki yamasa bir neshe waqıyanın` birligi sıpatında qospa pikir bildiredi. Demek, qospa ga`p eki yamasa bir neshe jay ga`plerdin` du`zilislik ha`m ma`nilik baylanısınan du`zilip, kommunikativlik xızmeti jag`ınan eki yamasa bir neshe waqıya, ha`diyselerdin` bir pu`tin mazmun birligi retinde ug`ınıladı.

Jay ga`pler menen qospa ga`plerdin` o`zine ta`n du`zilislik ha`m ma`nilik o`zgesheliklerin anıqlawda jay ga`pler bir waqıyanı, qospa ga`p eki yamasa birneshe waqıyanı xabarlaydı dep qaraw barlıq jag`dayda til faktlerine sa`ykes kele

bermeydi. Ha`zirgi a`debiy tildin` ko`rkem a`debiyat ha`m publitsistikalıq stillerinde geypara jay ga`pler ko`lemi sonday ken`eyip, tu`sindiriwshi, qosımsha ma`nili konstruktsiyalarg`a iye bolıp keledi. Bunday konstruktsiyalar feyil toplamlı birgelkili ag`zalı, ayırımlang`an ag`zalı bolıp, qospalang`an ga`plerdin` sistemasında u`yreniledi. Kerisinshe, qospa ga`p mazmunı ha`m du`zilisi jag`ınan ju`da` qısqa, jay ga`pke uqsas bolıpta keledi. Mısalı: 1. A`rmanlardı haqıyqatlıqqa aylandıra otırıp, miynetkesh adamlar suwsız sho`listanlarg`a suw jetkerip atır, jan`a fabrikalar ha`m zavodlar, elektrostantsiyalar du`zip atır, atızlardın` zu`ra`a`tin arttırıp atır – bizin` ma`mleketimizdin` bunnan bılayda gu`llep jasawı ushın ha`mme na`rseni islep atır (gazetadan). 2. Qarasa, to`rt kisi tawdan tas qoparıp atır. (T.Qayıpbergenov).

Bul ga`plerdin` birinshisi ko`lemi ken`eyip, intonatsiya arqalı bo`lingen bes konstruktsiyadan turadı. Olar du`zilisi jag`ınan ga`plik qurılımdı eske tu`siredi. Biraq, bul konstruktsiyalar qospa ga`pke ta`n belgilerge iye emes. Bular ha`mmesi bir baslawıshqa qatnaslı ko`ppredikativli qospalang`an ga`pti du`zedi. Son`g`ı w-e ga`p ko`lemi (du`zilisi) qansha qısqa bolg`an menen, bulardın` u`tir arqalı bo`lingen da`slepki komponenti ga`plik belgige iye bolıp kelgen. Olardın` baslawıshı bayanlawıshtın` betlik forması arqalı belgili bolıp turadı. Demek, jay ga`p penen qospa ga`ptin` bir-birinen ayırmashılıg`ı olardın` du`zilisi ha`m ma`nileri arqalı belgili boladı. Jay ga`p ko`lemi qanshama ken`eyip kelgen menen monosub`ektli birlikten turadı da, qospa ga`p o`z baslawıshına iye eki yamasa bir neshe predikativlik birliktin` sintaksislik baylanısınan du`ziledi.

## 1. SINTETIKALIQ BAG`ININ`QILI QOSPA GA`PLER

Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawısh formaları arqalı bas ga`p penen baylanısqan qospa ga`pler sintetikalıq tu`rdegi bag`ının`qılı qospa ga`pti du`zedi. Sintetikalıq bag`ının`qılı ga`pti du`ziwshi qurallar meyli bayanlawısh wazıypasındag`ı so`zge qosılıp birigip kelsin, meyli onın` menen dizbeklesip kelsin ba`ribir bayanlawıshtın` quramına kirip bag`ının`qı ga`pti bas ga`p penen baylanıstıradı ha`m olardın` arasında ha`r tu`rli ma`nilik qatnaslardı payda etedi. Sintetikalıq

bag`ının`qılı qospa ga`p qaraqalpaq tilinde o`nimli qollanıladı. Olar du`zilisine qaray to`mendegi tu`rlerge bo`linedi.

## A) BAYANLAWISHI HAL FEYIL FORMALARI ARQALI DU`ZILGEN SINTETIKALIQ BAG`ININ`QI GA`PLER

1. Sintetkalıq bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı hal feyildin` **ıp/-ip,-p-may/-mey,-mastan/-mesten,-g`anday/-gendey** formaları arqalı bildirilip kelgende, bas ga`p penen sın pısıqlawısh ma`nisinde baylanısadı: :lken ala ko`zleri u`sti-u`stine jıpılıqlap, a`jim basqan betinde quwanısh payda boldı (J.Saparov). Ol sır bergisi kelmey, Dawılbay menen burıng`ıday bolıp sa`lemlesti (X.Seytov). Turdıqılısh shıdap tura almastan, ol da talawg`a kiristi (J.Saparov). Jer beti g`alı gilem japqanday, barlıq jer ko`k jasılg`a bo`lendi (J.Aymuraev).

2. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **-g`ansha/-genshe,-qanday/-gendey** formalarınan bolıp, bas ga`p penen salıstırmalı ma`nide baylanısadı: Senin` so`zin` **sıng`ansha**, G`arg`abaydın` moynı sınsın («Alpamıs»). Jan`a shag`ırayıp turg`an aq bultlardın` betine ta`biyat qara perdesin japqanday, aspan tu`n`ere qaldı (Q. Dosanov).

3. Bayanlawıshı **-ıp/,-a,-e-may,-g`ansha,-g`alı** formalı hal feyillerden bolg`an bag`ının`qı ga`p bas ga`p penen waqıtlıq ma`nide baylanısıp keledi: Ku`lki basılmay atırıp, !jiniyaz esikke qaray su`renledi (K.Sultanov). Men kelgenshe, ol hesh qayda ketpey ku`tip otırg`an edi. Bıyıl ba`ha`r kelgeli, umıtpasam usı da`slepki ton`ıwım shıg`ar (Sh.Seytov).

Bayanlawıshı **-g`alı-beri, berli,-mastan+aldın, burın** formalarında du`zilgen bag`ının`qı ga`p bas ga`p penen baylanısıp, waqıtlıq ma`ni bildiredi: Men bul jerge kelgeli beri, Esen ag`a bir-eki ma`rtebe-aq boldı (S.Saliev). Mug`allim kelmesten burın, on` qaptalıma tag`ı bir qız kelip otırdı (Sh.Seytov).

4. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **-g`anlıqtan,-ıp,-may** formalı hal feyilden bolıp, bas ga`p penen sebep ma`nisinde baylanısadı: Ol da mayda qamıslıqtın` ishinen kiyatırg`anlıqtan, erkek ya hayal ekenligi belgisiz edi (Sh.Seytov). Al, shoyın qumanlar o`tpey iyeleri olardın` bahaların kemitiwge

ma`jbu`r bolg`an (Q.Ayımbetov). Aspandı tegis bult qaplap, gu`n`girt tarta basladı (Sh.Seytov).

5. Bayanlawıshı hal feyildin` bolımsız **-may,-g`ansha** ha`m **-may** turıp formalarınan bolıp, bas ga`p penen sha`rt ma`nisinde qatnas jasaydı: Isenim bolmay, is o`nbes (naqıl). Sariev aralaspag`ansha, bul kelispewshilik lawlag`an ottay basılmaytug`ın boldı (Q.Dosanov).

## B) BAYANLAWISHI KELBETLIK FORMALARI ARQALI DU`ZILGEN SINTETIKALIQ BAG`ININ`QI GA`P

Kelbetlik feyildin` **-g`an/-gen** formasının` sintetikalıq bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshın du`zip keliwi o`nimli qollanıladı. Bul jag`dayda **-g`an** forması kelbetlik feyil ken`islik seplik qosımtalı tirkewish ha`m tirkewishlik xızmettegi so`zler menen dizbeklesip, bag`ının`qı ga`pti bas ga`p penen ha`r tu`rli ma`nilerge baylanıstıradı.

1. Bag`ının`qı ga`ptin` **-g`an** formalı bayanlawıshı ken`islik seplik qosımtaların qabıl etip, bas ga`p penen ha`r tu`rli pısıqlawıshlıq ma`nilerde baylanısadı:

a) Bayanlawıshı orın seplik qosımalı bag`ının`qı ga`p bas ga`p penen waqıt, ha`m sha`rt bag`ının`qılı qospa ga`pleri du`zedi: Men suwdan basımdı shıg`arg`anımda, ol juwınıp atır eken (Sh.Seytov). Eger balıqları ko`rinbegende, jurt irkilmes edi (T.Qayıpbergenov);

b) Bayanlawıshı shıg`ıs seplik qosımtalı -**g`annan** formalı bag`ının`qılı ga`p bas ga`p penen waqıt ma`nisinde baylanısadı: :yge qonaqlar kirip kelgennen-aq, Ayxan dalag`a shıg`ıp ketken edi (T.Qayıpbergenov);

v) Bayanlawıshı barıs seplik qosımtalı -**g`anda** forması arqalı du`zilgen bag`ının`qı ga`p bas ga`p penen sebeplik ma`nide qatnas jasaydı: To`rebay kelmegenge, Jumagu`l shıdamadı (T.Qayıpbergenov).

## V) BAYANLAWISHI TIRKEWISHLERDIN` DIZBEKLESIWI ARQALI DU`ZILGEN SINTETIKALIQ BAG`ININ`QI GA`P

Sintetikalıq bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshının` du`ziliwinde tirkewish, tirkewishlik xızmettegi so`zler ha`m geypara janapaylar da qatnasadı.

1. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **-gan sayın** tirkewishi arqalı du`zilip, bas ga`p penen waqıt, salıstırmalı, sebep, ha`rt ha`m qarsılaslıq ma`nilerde baylanısadı: Ol ha`r ku`ni keshte kelgen sayın, bizler bir-birimizge sorawlı ko`z benen qaraymız (G`.Seytnazarov). Iz go`nergen sayın, quwg`ınshının` u`miti de go`nerip baratırg`an sıyaqlı (Sh.Seytov). Urıs uzaqqa sozılg`an sayın, Ma`teke g`arrıdan uyqı qashtı (K.Sultanov). Adamnın` bilimi, ma`deniyatı asqan-sayın, isi de rawajlanadı (S.Xojaniyazov). Ja`miyla qasına kelip ta`selle bergen sayın, To`rebay ga` solqıldap, ga` gu`birlenip jılay berdi (K.Sultanov).

2. Bayanlawıshı **-g`ang`a deyin** (sheyin, shekem) tirkewishli kelgen bag`ının`qılı ga`p bas ga`ptin` is-ha`reketin waqıtlıq ma`nide sıpatlaydı: Ol o`zinin` ornınan arg`ı shetke shıqqang`a deyin, onın` oyına mın`saneki oylar kirip shıqtı (A.Paxratdinov). Sol jan`a jay pitkerilgenge shekem, radiouzel go`ne ken`senin` ornında bola turadı (!.Ta`jimuratov).

3. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **gan son`, ushın, sebepli** tirkewishli kelip, bas ga`p penen waqıt, sebep ma`nilerinde baylanısadı: Sa`rbinaz so`zin aytıp bolg`an son`, Sha`mshi ata so`zge kiristi (T.Jumamuratov). Ko`kiregi o`skin jas biy bul so`zdi birinshi ret aytqanı ushın, Amanlıq heshten`e dey almay tıg`ıldı (T.Qayıpbergenov). Egis waqtı bolg`anı sebepli, a`kesi kelmedi (M.Da`ribaev).

Bayanlawıshı **-gannan keyin, son` berli** tirkewishli kelip te, bas ga`ptin` is-ha`reketinin` waqıtlıq, sebeplik ma`nilerin bildiredi: Epin kelgen no`kerleri jaylasıp otırg`annan keyin, ol ha`kimdi ertip sırtqa shıqtı (J.Saparov). Bizler a`dewir jer ju`rgennen son`, aspannan jawın tamshısı tamshılay basladı (N.Da`wqaraev). Balıqshılar muzg`a mingennen berli, awıldag`ı kempir-g`arrılarda qarap otırmadı (O`.Ayjanov).

4. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **-g`an, waqıtta, ma`ha`lge, gezde, payıtta, shaqta, pa`tte, shamada, jag`dayda** t.b. sıyaqlı tirkewishlik xızmettegi waqıt ma`nili so`zler menen dizbeklesip kelip te, bas ga`p penen waqıtlıq ma`nige qatnas jasaydı: Aydana menen traktorshı awqatlanıp bolg`an waqıtta, Nurjan keldi.

Ol u`yden shıqqan ma`ha`lde, ha`mme ko`zleri menen esikten uzatıp qaldı (O`.Xojaniyazov). Ot mazlap jang`an gezde Ma`wlen Sarı keldi (T.Qayıpbergenov).

5. Bayanlawıshı tartımlanıp kelgen **-ganı, sol, mattal** so`zlerinin` dizbeginde kelip, bas ga`p penen waqıt ma`nisinde baylanısadı: Maman biy jigitlerge moyın burıp ım qaqqanı sol, ha`mme shırp etip Esengeldi Baydı qashırmay tutıp aldı. Jumagu`l u`yge kirip qabaqtı jerge qoyg`anı mattal, jawırına digirmannın` tartqıshı sart ete qaldı (T.Qayıpbergenov).

6. Bag`ının`qı ga`ptin` **-g`an,-tug`ın** formalı bayanlawıshına sıyaqlı, sekilli tirkewishleri dizbeklesip, bag`ının`qı ga`p bas ga`p penen salıstırmalı ma`nide qatnas jasaydı: Ma`n`gilik dvigateldin` joybarları ta`biyattın` a`piwayı nızamlarınan **kelip shıg`atug`ını sıyaqlı**, imperiyallıq talaplar da ha`zirgi zamang`ı du`n`ya haqqındag`ı haqıyqatlıqtan uzaq tu`siniklerden kelip shıg`adı («Erkin Qaraqalpaqstan»). Diywalg`a pa`tikten nur to`gilgen sekilli, jaydın` ishi birden jaqtılang`anday boldı (T.Qayıpbergenov).

7. Bayanlawıshı -**ganı/-geni menen,** bolmasa tirkewishinin` dizbeklesiwinen du`zilgen bag`ının`qı ga`p bas ga`p penen qarsılaslıq ma`nide baylanısadı: Avgust ayının` bas gezi bolg`anı menen, ku`n ele ıssı (O`.Xojaniyazov).

8. Bayanlawıshı **-g`anına/-genine-qaramastan** forması arqalı du`zilgen bag`ının`qı ga`p bas ga`p penen qarsılaslıq ma`nide qatnas jasaydı: Ku`n jawıp turg`anına qaramastan, bizler jumıstı irikpedik. Keshe, bazar o`tip ketkenine qaramastan, ko`sheler lıqqa tolı (T.Qayıpbergenov).

9. a) bayanlawıshı –**ar-da,-er-de** forması arqalı du`zilgen bag`ının`qı ga`p bas ga`p penen waqıt ma`nisinde baylanısadı: Orınbay frontqa keterinde, anası ta`jigu`l onın` man`layınan shorp-shorp su`ydi (X.Seytov). Sol Retinka a`skerlikke keterde, bir qoyındı satıp, aqshasın qaltasına salıp jiberdim (O`.Ayjanov).

b) -**ar** formalı bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshına **waqıtta, mezgilde, gezde, aldında** t.b. sıyaqlı tirkewishlik xızmettegi so`zler dizbeklesip, bas ga`ptin` is-ha`reketinin` isleniw waqtın bildiredi: Sarımbet kazarmag`a keter waqıtta, kempir

ga`p taptı. Adamlar jolda tu`ser aldında, Sinevryukov jigitlerge ha`zir awhaldın` jaqsı emesligin ayttı (A.A`liev).

## G) BAYANLAWISHI HA`REKET ATI FEYIL FORMALARI ARQALI DU`ZILGEN SINTETIKALIQ BAG`ININ`QI GA`P

Sintetikalıq bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı ha`reket atı feyilinin` **ıw/-iw,-w** forması arqalı du`ziledi. Ol bas ga`p penen bag`ının`qı ga`pti to`mendegi ma`nilerde baylanıstıradı:

1. Bag`ının`qı ga`ptin` **-ıw** formalı bayanlawıshı shıg`ıs seplik qosımtalı kelip, bas ga`ptin` is-ha`reketinin` isleniw waqtın bildiredi: Shon`qı ketiwden, anası kirdi (T.Qayıpbergenov). Poezd toqtawdan-aq, a`skerler atların jetelep tu`se basladı (N.Da`wqaraev).

2. Bag`ının`qı ga`ptin` **-ıw** formalı bayanlawıshına **menen, -ıwdan** formasına baslap tirkewishleri dizbeklesip, bas ga`ptin` is-ha`reketinin` baslanıw waqtın bildiredi: Jaz shıg`ıw menen, bizin` o`y qaladan Ko`klisuw degen jerge ko`ship ketti (N.Da`wqaraev). Shopan ketiwden baslap, jigit qoylardı sata basladı (Qaraqalpaq xalıq ertekleri).

Bayanlawıshı **-ıwı-menen** forması arqalı du`zilgen bag`ının`qı ga`p bas ga`ptin` is-ha`reketinin` isleniw sebebin bildirip keledi: Saxnadag`ı stol qasında A`bdisamat payda bolıwı menen, bul shawqımlar basıldı (A.Muxtar).

3. Bag`ının`qı ga`ptin` **-iwi-mattal** formasınan du`zilip, bas ga`ptin` is-ha`reketinin` waqıtlıq jaqtan tez islengenligin bildiredi: Olar ko`rinbey ketiwi mattal, Amangu`ldin` to`besinde bir topar g`arg`a payda boldı (T.Qayıpbergenov).

4. **-ıwg`a** formalı bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshına tirkewishlik xızmettegi shamalasqanda, jaqınlasqanda, qolaylasqanda t.b. usag`an so`zler dizbeklesip kelip, bag`ının`qı ga`p bas ga`p penen waqıtlıq ma`nide baylanısadı: Aqırı bolmag`an son` ay batıwg`a shamalasqanda, Qanlıqılısh tog`ayg`a jetti (Sh.Seytov). Ku`n batıwg`a jaqınlasqanda, ha`mme terimshiler paxtaların o`lshetiwge keldi. Azat ketiwge qolaylasqanda, ja`ne bir waqıya payda boldı.

5. Tartımlanıp kelgen **-ıw,-g`anlıq** formalı ha`reket atı feyilinen bolg`an bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshına ushın, sebepli tirkewishleri ha`m tirkewishlik xızmettegi na`tiyjesinde, arqasında ko`mekshi so`zleri dizbeklesip, bas ga`ptin` is-ha`reketinin` isleniw sebebin bildiredi. El birotala pıtırap ketpewi ushın, Shayıq penen Maman ken`esti (T.Qayıpbergenov). Bul awıllar qaladan uzaq bolıwı sebepli, baspashılar kelip, mal talap, eldi shuwlatıp ketedi (M.Da`ribaev). Barlıq ıqlas ha`m hu`jdanı iske qaratılıwı na`tiyjesinde, da`stelengen pishen u`sti-u`stine mingesip, qalın` maysa qamıslardın` ortası oyılg`anday bolıp qaldı (T.Qayıpbergenov). Ka`rxana ja`ma`a`ti jumıstı o`nimli islewi arqasında, ma`mleketlik joba jılma-jıl artıg`ı menen orınlanbaqta («Erkin Qaraqalpaqstan»).

Bayanlawıshı **ıwı-kerek**, dizbeginde kelgen bag`ının`qı ga`p te bas ga`p penen sebep ma`nisinde baylanısadı: Geypara orınlarda gilmalanı qayta-qayta sıypay bergen bolıwı kerek, diywaldın` ju`zi jıp-jıltır bolıp tegislenip qalıptı (J.Saparov). Ko`she jel menen shan`g`ıtıp atırg`an bolıwı kerek, olardın` bet-a`lpi un jaqqanday (O`.Xojaniyazov).

6. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **ıw-ushın** formasında du`zilip, bas ga`p penen maqset ma`nisinde baylanısadı: Dushpandı jen`gendey ku`shke iye bolıwımız ushın, bizin` ha`m nanımız, ha`m snaryadımız bolıwı kerek (Sh.Aytmatov). Da`r`yanın` arjag`ındag`ı jer biykarg`a jatpawı ushın, da`r`yag`a ko`pir salıwı kerek («Ha`r tu`rli xalıqlardın` ertekleri»).

7. Bayanlawıshı **ıwına-qaramastan** formalı bag`ının`qı ga`p bas ga`p ga`ptin` is-ha`reketine qarama-qarsı ma`nide keledi: Bir ku`nleri jaz ayının` ishi bolıwına qaramastan, azan menen ku`n salqın tarttı (O`.Xojaniyazov).

## D) BAYANLAWISHI SHA`RT MEYIL FORMASI ARQALI DU`ZILGEN SINTETIKALIQ BAG`ININ`QI GA`P

Bayanlawıshı sha`rt meyil arqalı du`zilgen sintetikalıq bag`ının`qı ga`p onsha talaslı pikir tuwdırmaydı. Bul jag`day onın` bet bildiretug`ın feyillerdin` toparına kiriwi menen baylanıslı. Sha`rt meyil bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı bolıp kelgende, baslawısh penen belgili bette kelisip baylanısadı.

Sha`rt meyil to`mendegi jag`daylarda sintetikalıq bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı xızmetinde kelip, bag`ının`qı ga`pti bas ga`p penen ha`r tu`rli ma`nilerge baylanıstıradı.

1. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı **sa/-se** formasında kelip, bas ga`ptegi is-ha`rekettin` isleniw ya islenbew sha`rtin bildiredi: Ha`r brigadanı sawatlı adamlar basqarsa, jumıslar pu`tkilley basqasha bolar edi (X.Seytov). En` aldı menen adamnın` kewil sarayı du`ziw bolsa, isi de on`g`a ju`redi (O`.Xojaniyazov).

2. Bayanlawıshı sha`rt meyilden bolg`an bag`ının`qı ga`ptin` quramında **eger, eger de** da`nekerleri kelip te bas ga`p penen sha`rt ma`nisinde baylanısadı. Bunday jag`dayda tiykarg`ı sha`rtlik ma`ni sha`rt meyilde boladı da, eger da`nekeri stillik jaqtan ku`sheytiwshi qosımsha ma`ni beredi[a`]. Eger usı ha`diyseni ha`mme ta`repten aqıl ta`rezisine salıp ko`rse, meni keshirmewi de mu`mkin (Sh.Seytov).

Geyde bayanlawıshı sha`rt meyilden bolg`an bag`ının`qı ga`ptin` sha`rtlik ma`nisi ayqın aytılmag`an jag`dayda, onın` ma`nisin ele de ayqınlastırıw ushın bag`ının`qı ga`ptin` quramında eger da`nekeri, al bas ga`ptin` quramında da`nekerlik xızmettegi sha`rt ma`nisin beretug`ın onda so`zi qollanıladı: Al, eger demografiyalıq mashqalalar bilgirlik penen sheshilip atırsa, onda jas adamlar birin-biri tabadı, baxıtlı boladı («Erkin Qaraqalpaqstan»). Eger bala bilmegenine arlansa onda bul baladan keleshekte bir na`rse shıg`adı g`oy (O`.Xojaniyazov).

3. Bag`ının`qı ga`ptin` **sa/-se** formalı bayanlawıshına da`nekerlik xızmettegi dep ko`mekshi so`zi dizbeklesip, bas ga`ptin` is-ha`reketinin` isleniw maqsetin bildiredi: Jol-jo`nekey sa`lem berip o`tsem dep, qag`ıp kirdim yarım a`sir qapısın (T.Jumamuratov).

4. Bag`ının`qı ga`ptin` **-sa/-se** sha`rt meyil forması arqalı bildirilgen bayanlawıshına da`nekerlik xızmettegi da/de janapayı dizbeklesip, bas ga`pti qarsılaslıq ma`nide sıpatlaydı: Men o`zin`di ko`rmesem de, atın` tanıs bolıp shıqtı (A.Orazov). Men sag`an mın` ma`rtebe aytsam da, sen o`jetlene beresen` (J.Saparov).

5. Bayanlawıshı usı formada du`zilgen bag`ının`qı ga`p bas ga`p penen sebeplik ma`nide qatnas jasaydı: Posınnan iyt u`rse de, ol shorshıp ketedi

(B.Bekniyazova). «Ha`yt» degen dawıs awzınan erksiz shıg`ıp ketse de, o`z dawısınan o`zi shorshıp, keyin shegindi (K.Sultanov).

6. Bayanlawıshı **-sa/se** formalı bag`ının`qı ga`p bas ga`pke qatnaslı waqıt ha`m sebep ma`nilerin bildiredi: Bizler kelsek, qonaqlar shay ishiwge kirisken eken (Q.Dosanov). Qara bult oynap shıg`ıp jılıssa, a`lem jarıq ete qaladı (K.Sultanov).

## E) BAYANLAWISHI BUYRIQ, TILEK HA`M ANIQLIQ MEYIL FORMALARINAN DU`ZILGEN SINTETIKALIQ BAG`ININ`QI GA`P

Bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı ga`pinin` bayanlawıshı buyrıq, tilek ha`m anıqlıq meyil formalarına ha`r tu`rli da`nekerlik xızmettegi so`zlerdin` dizbeklesiwi arqalı du`ziledi.

1. Bayanlawıshı III bettegi **-sın/-sin** formalı buyrıq meyilge da`nekerlik xızmettegi dep ko`mekshi so`zinin` dizbeklesiwinen du`zilip, bag`ının`qı ga`p bas ga`ptin` is-ha`reketinin` isleniw maqsetin bildiredi: Toyg`a kelgenler g`arq bolıp toyınsın dep, mol-molaqay qazan astırıp atır (T.Qayıpbergenov). Qoylardın` ju`ni taza bolsın dep, ku`ni-tu`ni juwdırıp atırman (J.Aymurzaev).

2. Bag`ının`qı ga`ptin`**-ayın-eyin** formalı tilek meyilden bolg`an bayanlawıshına da`nekerlik jızmettegi dep, dese ko`mekshi so`zlerinin` dizbeklesiwinen du`zilip, bas ga`p penen maqset, sebep ma`nilerinde baylanısadı: Men Xojanazardın` qasına barayın dep, Qa`dirbay ornınan turdı (A.Bekimbetov). Olar hu`jimge ko`terileyin dese, dushpannın` og`ı bas ko`tertpeydi (Q.Dosanov).

3. Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı anıqlıq meyil formasına **dep, dese, degenshe** ko`mekshi so`zlerdin` dizbeklesiwinen bolıp, bas ga`p penen sebep, maqset ha`m qarsılaslıq ma`nilerge qatnas jasaydı: Men sizlerge Volodiyanın` tikken teregin ko`rsetemen dep, g`arrı orınan turdı (A.Bekimbetov). Jiyenbay sırtqa shıg`ıp do`gerekti barlastıraman degenshe, Toqsanbay zım g`ayıp boldı (S.Xojaniyazov). Ol sag`an barmayman dese, Bekjan ku`sh ko`rsetip barıwg`a zorladı (O`.Ayjanov).

4. Bayanlawıshı anıqlıq meyil **-ma** janapayı arqalı du`zilgen bag`ının`qı ga`p bas ga`p penen sebep ha`m sha`rt ma`nilerinde baylanısadı: Tan`nın` azang`ı salqın samalı etin tu`rshittirdi me, ol ko`zin ashıp a`tirapqa qıyalın juwırttı (K.Sultanov). Da`r`yanın` jag`ası tik jar boldı ma, onda astı teren` boladı (K.Ma`mbetov).

JUWMAQ

Qospa ga`ptin` quramındag`ı jay ga`plerdin` o`z aldına qollanılg`an jay ga`plerden ja`ne bir o`zine ta`n o`zgesheligi, olar qospa ga`pti du`ziw ushın grammatikalıq qurallar-bayanlawısh formaları, da`nekerler ha`m da`nekerlik xızmettegi so`zler, intonatsiya, orın ta`rtipi baylanısıp, bir pu`tin kommunikativlik xızmet atqaradı. Olardın` quramındag`ı jay ga`plerdi sol pu`tinlikten u`zip alg`an jag`dayda o`z aldına qollanılg`an jay ga`plerdey bolıp ko`ringen menen, qanday da bir ma`nilik baylanıstın` u`zilgenligi bayqaladı.

Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawısh formaları arqalı bas ga`p penen baylanısqan qospa ga`pler sintetikalıq tu`rdegi bag`ının`qılı qospa ga`pti du`zedi. Sintetikalıq bag`ının`qılı ga`pti du`ziwshi qurallar meyli bayanlawısh wazıypasındag`ı so`zge qosılıp birigip kelsin, meyli onın` menen dizbeklesip kelsin ba`ribir bayanlawıshtın` quramına kirip bag`ının`qı ga`pti bas ga`p penen baylanıstıradı ha`m olardın` arasında ha`r tu`rli ma`nilik qatnaslardı payda etedi. Sintetikalıq bag`ının`qılı qospa ga`p qaraqalpaq tilinde o`nimli qollanıladı. Olar du`zilisine qaray to`mendegi tu`rlerge bo`linedi:

a) Bayanlawıshı hal feyil formaları arqalı du`zilgen sintetikalıq bag`ının`qı ga`pler;
b) Bayanlawıshı kelbetlik formaları arqalı du`zilgen sintetikalıq bag`ının`qı ga`p;
v) Bayanlawıshı tirkewishlerdin` dizbeklesiwi arqalı du`zilgen sintetikalıq bag`ının`qı ga`p;
g) Bayanlawıshı ha`reket atı feyil formaları arqalı du`zilgen sintetikalıq bag`ının`qı ga`p;
d) Bayanlawıshı sha`rt meyil forması arqalı du`zilgen sintetikalıq bag`ının`qı ga`p;
e) Bayanlawıshı buyrıq, tilek ha`m anıqlıq meyil formalarınan du`zilgen sintetikalıq bag`ının`qı ga`p.

a) Bayanlawishi hal feyil formalari arqali du`zilgen sintetikaliq bag`inin`qi ga`pler. Sintetkalıq bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı hal feyildin` ıp/-ip,-p-may/-mey,-mastan/-mesten,-g`anday/-gendey, -g`ansha/-genshe,-qanday/-gendey -ıp/,-a,-e-may,-g`ansha,-g`alı, -g`alı-beri, berli,-mastan+aldın, burın

-g`anlıqtan,-ıp,-may -may,-g`ansha ha`m -may turıp formalarınan bolıp, bas ga`p penen sha`rt ma`nisinde qatnas jasaydı: Isenim bolmay, is o`nbes (naqıl). Sariev aralaspag`ansha, bul kelispewshilik lawlag`an ottay basılmaytug`ın boldı (Q.Dosanov).

b) Bayanlawishi kelbetlik formalari arqali du`zilgen sintetikaliq bag`inin`qi ga`p. Kelbetlik feyildin` -g`an/-gen, -g`annan, -g`anda forması arqalı du`zilgen bag`ının`qı ga`p bas ga`p penen sebeplik ma`nide qatnas jasaydı: To`rebay kelmegenge, Jumagu`l shıdamadı (T.Qayıpbergenov).

v) Bayanlawishi tirkewishlerdin` dizbeklesiwi arqali du`zilgen sintetikaliq bag`inin`qi ga`p. Sintetikalıq bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshının` du`ziliwinde tirkewish, tirkewishlik xızmettegi so`zler ha`m geypara janapaylar da qatnasadı.

Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı -gan sayın, -g`ang`a deyin (sheyin, shekem), gan son`, ushın, sebepli, -gannan keyin, son` berli, -g`an, waqıtta, ma`ha`lge, gezde, payıtta, shaqta, pa`tte, shamada, jag`dayda, -ganı, sol, mattal, -g`an,-tug`ın, -ganı/-geni menen , -g`anına/-genine-qaramastan–ar-da,-er-de, -ar formalı bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshına waqıtta, mezgilde, gezde, aldında t.b. sıyaqlı tirkewishlik xızmettegi so`zler dizbeklesip, bas ga`ptin` is-ha`reketinin` isleniw waqtın bildiredi: Sarımbet kazarmag`a keter waqıtta, kempir ga`p taptı. Adamlar jolda tu`ser aldında, Sinevryukov jigitlerge ha`zir awhaldın` jaqsı emesligin ayttı (A.A`liev).

g) Bayanlawishi ha`reket ati feyil formalari arqali du`zilgen sintetikaliq bag`inin`qi ga`p. Sintetikalıq bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı ha`reket atı feyilinin` ıw/-iw,-w forması arqalı du`ziledi: Shon`qı ketiwden, anası kirdi (T.Qayıpbergenov). Poezd toqtawdan-aq, a`skerler atların jetelep tu`se basladı (N.Da`wqaraev).

d) Bayanlawishi sha`rt meyil formasi arqali du`zilgen sintetikaliq bag`inin`qi ga`p. Bayanlawıshı sha`rt meyil arqalı du`zilgen sintetikalıq bag`ının`qı ga`p onsha talaslı pikir tuwdırmaydı. Bul jag`day onın` bet bildiretug`ın feyillerdin` toparına kiriwi menen baylanıslı. Sha`rt meyil bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı bolıp kelgende, baslawısh penen belgili bette kelisip baylanısadı.

Bag`ının`qı ga`ptin` bayanlawıshı sa/-se formasında kelip, bas ga`ptegi is-ha`rekettin` isleniw ya islenbew sha`rtin bildiredi: Ha`r brigadanı sawatlı adamlar basqarsa, jumıslar pu`tkilley basqasha bolar edi (X.Seytov). En` aldı menen adamnın` kewil sarayı du`ziw bolsa, isi de on`g`a ju`redi (O`.Xojaniyazov).

2. Bayanlawıshı sha`rt meyilden bolg`an bag`ının`qı ga`ptin` quramında eger, eger de da`nekerleri kelip te bas ga`p penen sha`rt ma`nisinde baylanısadı: Eger usı ha`diyseni ha`mme ta`repten aqıl ta`rezisine salıp ko`rse, meni keshirmewi de mu`mkin (Sh.Seytov).

e) Bayanlawishi buyriq, tilek ha`m aniqliq meyil formalarinan du`zilgen sintetikaliq bag`inin`qi ga`p. Bag`ının`qılı qospa ga`ptin` bag`ının`qı ga`pinin` bayanlawıshı buyrıq, tilek ha`m anıqlıq meyil formalarına ha`r tu`rli da`nekerlik xızmettegi so`zlerdin` dizbeklesiwi arqalı du`ziledi. Bayanlawıshı -sın/-sin, -ayın-eyin , dep, dese, degenshe ko`mekshi so`zlerdin` dizbeklesiwinen bolıp, bas ga`p penen sebep, maqset ha`m qarsılaslıq ma`nilerge qatnas jasaydı: Men sizlerge Volodiyanın` tikken teregin ko`rsetemen dep, g`arrı orınan turdı (A.Bekimbetov). Jiyenbay sırtqa shıg`ıp do`gerekti barlastıraman degenshe, Toqsanbay zım g`ayıp boldı (S.Xojaniyazov). Ol sag`an barmayman dese, Bekjan ku`sh ko`rsetip barıwg`a zorladı (O`.Ayjanov).

PAYDALANILG`AN A`DEBIYATLAR DIZIMI

1. Бердимуратов К. Структура придаточного предложения в каракалпакском языке. Нукус, 1992.

2.Әўезов М. Ҳәзирги дәўир қарақалпақ тилинде бағыныңқылы қоспа гәплер ҳәм олардың структурасы. Нөкис, 1976.

3. Нажимов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили синтаксиси. Нөкис, 1990.

4. Дәўлетов М. Қарақалпақ тилиндеги қоспа гәплердиң гейпара теориялық мәселелери. Нөкис, 1993.

5. Da`wletov M., Da`wletov A., Qudaybergenov M. Ha`zirgi qaraqalpaq a`debiy tili. No`kis-2010.

6. Da`wletov M., Seydullaeva D. Ha`zirgi qapaqalpaq tilinde qospa ga`pler No`kis. «Qaraqalpaqstan», 2010.

7. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Нөкис, 1992.

8. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Синтаксис. Нөкис, 1996.

9. Махмудов Н., Нурманов А. Ўзбек тилининг назарий грамматикаси. Тошкент, 1995.